

## **Faktè Enpòtan konsènan Asistans Konpansasyon Chomaj pou Katastwòf (DUA):**

- **Asistans Konpansasyon Chomaj pou Katastwòf (DUA)** antre anvigè jou Dimanch **apre** dezaz la te rive. Yo p'ap remèt okenn pèman DUA pou tan ou te pèdi avan dat DUA te antre anvigè.
- Si ou kalifye pou reklamasyon konpansasyon chomaj regilye, ou pral genyen yon semèn anba, ki se premye semèn reklamasyon w-la epi ou pap resevwa lajan pou semèn sila a. Kidonk premye chèk ou touche a pral sèlman pou yon semèn.
- Benefis regilye pou reklamasyon konpansasyon chomaj ak asistans katastwòf kapab peye chak semèn sivil, e non chak jou. Ou pa kalifye pou resevwa okenn benefis, si ou te travay majorite jou nan semèn nan, **oubyen** si anvan taks, kantite lajan ou travay pou semèn nan plis pase montan lajan ou te dwe resevwa chak semèn lè ou reklame pou alokasyon chomaj.
- Nan tan katastwòf la te rive, ou dwe te abite, te travay oswa te genyen orè pou travay nan depatman(county) te deklare kòm zòn dezaz federal **oswa** ou dwe te bloke pou rive kote ou travay la akòz andomajman oswa destwiksyon nan yon depatman (county) ki te deklare zòn dezaz.
- Travay sila a dwe prensipal sous revni ou.
- Nòmalman, ou pap kalifye pou Benefis regilye pou reklamasyon konpansasyon chomaj ak asistans katastwòf si ou te manke travay akòz domaj sou pwopriyete pèsonèl ou, menm si domaj la te rive padan dezaz la, eksepte si ou genyen yon biznis anndan lakay ou.
- Men (2) rezon komen ki esplike kòman moun ki p'ap travay ka ranpli egzijans gouvènman federal la sou sa ki defini dirèkteman chomaj akòz yon dezaz.
  1. Plas biznis ou oswa ekipman ou yo te sibi domaj fizik oubyen te genyen destwiksyon kite anpeche travay ou osinon sèvis ou fonksyone.
  2. Ou pa kapab travay paske ou te blese pandan dezaz la epi se te rezilta dirèk dezaz la.
- Si ou pa kalifye pou konpansasyon regilye pou chomaj, yo ka mande w pou founi prèv revni w anvan ane fiskal la.
- Yo kapab mande w pou founi prèv ke ou t'ap travay lè dezaz la te rive.
- Nan espas dis jou ou te ranpli reklamasyon ou la ou pral resevwa enfòmasyon sou kòman pou kontinye. Si toutfw a ou pa te resevwa okenn korespondans tanpri rele 1-800-204-2418 epi chwazi opsyon 2 pou kapab pale avèk yon reprezantan sèvis kliyan.

### **Kòman pou ranpli aplikasyon DUA-a**

Pou-w ka ranpli aplikasyon DUA-a, ale nan adrès entènèt at [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org). Klike [la](#). Pou ou k ajwenn orè nou travay.